



Kijan pou Itilize Liy Asistans 211

211

Palm Beach and
Treasure Coast

211 se Liy pou Ede Kominote Lokal ou & Liy Dirèk pou Ijans

Èd.Kòmanse.La a. Anplwaye k ap ede sou liy 211 la ofri entèvansyon nan ka ijan, enfòmasyon, evalyasyon ak rekòmandasyon bay resous ak sèvis kominotè ki disponib. Apèl 211 yo gratis, konfidansyèl epi disponib 24/7 avèk kapasite nan pale plizyè lang. Moun tout laj kapab rele pou tèt yo oswa pou lòt moun. Liy Telefòn 211 sèvi rejyon Palm Beach, Martin, St. Lucie, Indian River ak Okeechobee. Vizite tou www.211palmbeach.org.

Kalite Sèvis yo ofri nan 211:

- **Prevansyon Suisid, Entèvansyon nan ka Ijan**
- **Enfòmasyon ak Rekòmandasyon**
- **Konsèy ak Evalyasyon nan Telefòn**
- **Pwogram pou Defann Dwa**
- **Baz Done Resous Kominotè**

Fason pou Jwenn 211:

Konpoze 2-1-1 oswa (561) 383-1112 (24/7)

Tèks kesyon/enkyetid & kòd postal ou yo nan 898211 (24/7)

Koze sou entènèt (10 am - 8 pm)

Imèl kesyon/enkyetid ou yo nan help@211pbtc.org
(y ap reponn ou nan vennkatrè)

Moun nan Lòt Rejyon kapab konpoze (561) 383-1112 oswa(866)
882-2991

E Si Se Pale Mwen Vle Pale Sèlman?

Pafwa lavi a boulvèsan!

Kit ou prefere tèks, koze sou entènèt, oswa
nan telefòn– nou la pou koute w!

Pafwa genyen yon moun ki p ap jije w oswa
tabli kondisyon – you moun ki vle sèlman kou-
te sa w gen pou di– kapab fè anpil diferans!

“Nou la pou ou!”

Kisa ou dwe Atann Lè W Rele:

- **Opsyon lang ou pale/tip sèvis/ p ap tann lontan**
- **Gen yon moun emab sou lòt liy nan k ap koute w
pandan w ap dekri enkyetid oswa sitiyasyon w yo**
- **Yo kapab mande w pou bay kòd postal ou & kèk
enfòmasyon demografik...**
(kondisyon pou nou jwenn finansman)
- **Espesyalis Resous nou an ap dirije w bay operatè sèvis
apwopriye– avèk referans yo bay yo**

211 HelpLine se yon sèvis 211 pou Palm Beach/Treasure Coast, yon 501 (c)(3) nan Eta Florid la. Prensipal donatè yo se: Board of County Commissioners-Palm Beach County; Children's Services Council of Palm Beach County; Palm Beach County Sheriff's Office; National Suicide Prevention Lifeline; The Southeast Florida Behavioral Health Network ak Help Me Grow Florida; Town of Palm Beach United Way ; United Way of Palm Beach County. Gen lòt sistèm 211 ki disponib atravè: eta Florid la ak nan tout peyi a. #HelpStartsHere Twitter & Instagram 211_HelpLine ak Facebook /211HelpLine

- 211 reponn 24 èdtan tou pou Liy Prevansyon Suisid Nasional ak nimewo 988.
- Yo mande Veteran yo pou peze #1 pou Liy Ijan Veteran yo (“Veterans Crisis Line”)

211PalmBeach.org

Twitter & Instagram 211_HelpLine ak
Facebook /211HelpLine

The Department of Multicultural Education Translation Team certifies that this is a true faithful translation of the original document. [561434-8620](tel:5614348620) – November 2019 – SY191389



Kijan pou Itilize Liy Asistans 211

211 se Liy pou Ede Kominote Lokal ou & se Liy Dirèk pou Ijans- Gratis, Konfidansyèl, Disponib 24/7

Poukisa moun vin chèche èd nan 211?

- **Mwen enkyete pou manmanm k ap granmoun**
- **Èske pitit mwen an nan estaj nòmal devlòpman li**
- **Mwen fèk pèdi djòb mwen**
- **Mennaj mwen ban m kou**
- **Timoun yo ap entimide m nan lekòl la**
- **Yo prèsk mete m deyò & mwen pa konnen kisa pou m fè**
- **Mwen pa vle viv ankò...**

Fason pou Jwenn 211:

Konpoze 2-1-1 oswa (561) 383-1112 (24/7)

Tèks kesyon/enkyetid & kòd postal ou nan 898211 (24/7)

Koze sou entènèt (10 am - 8 pm)

Imèl kesyon/enkyetid ou yo nan help@211pbtc.org
(y ap reponn ou nan vennkatrè)

Moun nan Lòt Rejyon kapab konpoze (561) 383-1112 oswa (866) 882-2991

Nou pale Panyòl & Nou Pale Kreyòl



“Lè m rele 211, Espesyalis ki reponn nan te reyèlman pran tan pou koute. Èd mwen te resevwa a te fè anpil diferans nan lemonn –pou mwen ansanm ak fanmi m!”

Sèvi moun ki te devwe yo anpil! **MYFLVET**– pwogram resan 211 la, bay veteran Florid sipò emosyonèl youn ak lòt, enfòmasyon an detay sou pwogram & sèvis ki finanse pou VA ak lòt resous kominotè ki disponib pou veteran ak fanmi yo. Senpleman konpoze 2-1-1 & mande pou **MYFLVET**!

Lòt Sèvis Gratis 211 Ofri:

Estaf 211's **Help Me Grow** ofri tès sante sou kwasans, devlopman ak konpòtman, avèk aktivite epi fè suivi pou timoun (0 - 8 an) sou entènèt oswa nan telefòn. Paran yo kapab gen espri yo trankil pandan estaf **Help Me Grow** kapab ede detèmine preparasyon lekòl ak bay resous adisyonèl tou ak referans si sa nesesè. Konpoze 2-1-1 pou aprann plis.



Yo kreye 211's **Special Needs Helpline** pou ede paran & moun k ap okipe timoun ki gen bezwen espesyal (0 - 22 an) jwenn enfòmasyon, resous ak sipò. Avoka Bezwèn Espesyal 211 bay sipò emosyonèl pandan y ap ede paran ak moun k ap bay swen yo navige efektivman nan labirent konfizyon sèvis ki disponib yo. Konpoze 2-1-1 pou gen aksè ak **Special Needs HelpLine**.



Pwogram 211's **Elder Crisis Outreach** disponib tou pou moun vilnerab ki nan 60 ak plis ki bezwen èd pou jwenn sèvis ki enpòtan anpil yo... pou aprann plis Konpoze 2-1-1.



Rele 2-1-1... Nou la pou koute... Rele 2-1-1... Ede kòmanse la!

- **211 reponn 24 èdtan tou pou Liy Prevansyon Suisid Nasyonal ak nimewo 988.**
- **Yo mande Veteran yo pou peze #1 pou Liy Ijan Veteran yo (“Veterans Crisis Line”)**